

I. WENEHANA TANDA SILANG (X) PITAKON-PITAKON ING NGISOR IKI KANTHI JAWABAN SING BENER!

Wacan kanggo mangsuli pitakon nomer 1 - 3 !

Sluku-sluku bathok, Bathoke ela-elo
Si Rama menyang Solo, Oleh-olehe payung motha
Mak jenthit lolo lobah, Wong mati ora obah
Nek obah medeni bocah, Nek urip goleka duwit

1. Ira-irahane tembang ing dhuwur yaiku
a. Si Rama menyang Solo
b. Bathoke ela-elo
c. Sluku-sluku Bathok
d. Wong mati orah obah
2. Tembang ing dhuwur dumadi saka ... gatra (baris)
a. 7
b. 6
c. 5
d. 4
3. Si Rama menyang Solo, Oleh-olehe
a. ora obah
b. ela-elo
c. goleka duwit
d. payung motha
4. Tembang jaranan kagolong tembang
a. dolanan
b. keroncong
c. campursari
d. macapat
5. Tujuan utama lan isine tembang dolanan sejatine kanggo menehi piwulang marang bocah bocah ngenani
a. Ilmu pengetahuan
b. olahraga
c. ketrampilan
d. budi pekerti
6. Salah siji cirine tembang dolanan yaiku
a. ukarane dawa-dawa
b. ukarane cekak lan prasaja
c. ukarane endah lan angel
d. cengkok utawa lagune angel
7. Tembang dolanan kudu selaras karo
a. keluargane bocah
b. kahanane bocah
c. cita-citane bocah
d. wong tuwane bocah
8. Kaendahan nagari Indonesia ora mung alame, nanging uga ing kabudayan, lan kesenian. Salah siji tuladha kaendahan seni lan salaras karo bocah-bocah sing seneng dolanan yaiku
a. tembang dolanan
b. tembang lagam
c. tembang macapat
d. tembang campursari
9. Tembang dolanan "Gundul-Gundul Pacul" asale saka
a. Jawa Timur
b. Jawa Tengah
c. Jawa Barat
d. Kalimantan Selatan
10. "Wakul" iku arane
a. wadahe sego
b. wadahe banyu
c. wadahe duwit
d. wadahe piring
11. Lumbung Desa
Lumbung desa pra tani padha makarya
Ayo dhi, njupuk pari nata lesung nyandhak alu
Ayo yu, padha nutu yen wis rampung nuli adang
Ayo kang, dha tumandang yen wus mateng nuli madhang
Tembang ing dhuwur irah-irahane
a. Nutu pari
b. Swara lesung
c. Para Tani
d. Lumbung Desa
12. Tembang ing dhuwur dumadi saka. . . gatra (baris).
a. 2
b. 3
c. 4
d. 5
13. Piranti kanggo ngolah pari dadi beras ing tembang dhuwur yaiku
a. mesin selep
b. mesin giling
c. lesung lan alu
d. lumpang watu
14. Lumbung iku lumrahe kanggo wadhah
a. tela, kentang
b. jagung, pari
c. wortel, buncis
d. kacang tanah, kedhele
15. "Yen wus mateng nuli madhang", tembung madhang basa krama aluse yaiku
a. nedha
b. nedhi
c. mangan
d. dhahar
16. Sandhangan ing aksara Jawa dikelompokake dadi
a. 6
b. 5
c. 4
d. 3
17. "Wulu" yaiku sandhangan swara
a. swara "i"
b. swara "e"
c. swara "u"
d. swara "o"
18. Tembung "Metu" iku yen ditulis nganggo aksara Jawa migunakake sandhangan swara
a. pepet lan suku
b. pepet lan wulu
c. taling lan suku
d. taling lan wulu
19. "Layar" yaiku sandhangan sigeg gantine aksara sigeg
a. swara "h"
b. swara "ng"
c. swara "r"
d. swara "s"
20. Aksara Jawa ing nduwur pamacane
a. Rini tuku gula
b. Rini tuku buku
c. Rini tuku wulu
d. Rini tuku sumbu

